

# PRIYORITE ASANBLE JENERAL LA POU 2024

ACLU nan Maryland se yon òganizasyon non patizan ki egziste pou bay abitan Maryland yo pouvwa pou yo egzèse dwa yo pou lalwa ka valorize ak leve imanite yo. **Men kèk nan pwoblèm nou espere dedye anpil tan ak resous pou yo pandan sesyon lejislatif 2024 la.**



## GARANTI POUVWA ENVESTIGASYON ENDEPANDAN POU KOMISYON KONTWÒL LAPOLIS

Lwa 2021 sou Responsabilite Lapolis Maryland lan te mande tout konte yo ak Vil Baltimore pou yo tabli yon Komisyon Responsabilite Lapolis (Police Accountability Board, PAB) ak Komite Chaj Administratif (Administrative Charging Committee, ACC). Malgré lefèt ke pouvwa envestigasyon endepandan yo enpòtan anpil pou komisyon sipèvizon kominote a, pa gen okenn PAB nan Maryland ki gen otorite sa a kounye a. Aktyèlman, PAB ak ACC yo konte totalman sou envestigasyon Lapolis entèn lè y ap reyalize egzamen ak deside pou yo akize ou pa yon ofisye. An 2024, ACLU ak Kowalisyon pou Jistis nan Maryland ak Responsabilite Lapolis pral travay pou adopte yon pwojè lwa pou klarifye ke ògàn gouvènans lokal yo gen pouvwa pou pèmèt PAB yo bay manda pou konparèt, entèwoje temwen, ak itilize tout lòt teknik ankèt ki nesesè pou tire konklizyon egzat sou ensidan yo, epi mennen ankèt sou deklarasyon yo anvan ACC pran yon desizyon.



## ELIMINE SANKSYON KRIMINÈL POU MARIWANA

Elektè Maryland yo te apwouve ak yon gran majorite yon referandòm pou mete fen nan kriminalizasyon itilizasyon mariwana pou plezi. Men kounye a, enfraksyon ki gen rapò ak mariwana tankou posesyon ak entansyon pou distribiye ak posesyon yon kantite siperyè ak sa sivil la dwe itilize (2.5 ons) kapab toujou abouti ak kondanasyon pou deli minè. Sa pral kontinye yon chema twoublan nan arrestasyon dispwopòsyonèl/ilégal lapolis ki vize moun koulè nwa ak po fonse. Li enjis pou kontinye fè yo sibi kèlkeswa sanksyon an pandan abitan Maryland ki rich yo e ki an majorite blan kapab genyen menm konpòtman nan tout legalite epi pwofite de sa. An 2024, ACLU ak patnè nou yo pral travay pou fè adopte yon pwojè lwa ki elimine sanksyon sa yo epi ki deziyen posesyon plis pase kantite yon sivil dwe itilize ak posesyon avèk entansyon pou distribiye kòm enfraksyon sivil, ki sijè ak sitasyon ak amann sivil, olye prizon.



## RETIRE GOUVÈNÈ A NAN LIBERASYON KONDISYONÈL POU REZON MEDIKAL

An 2021, Asanble Jeneral la te retire Gouvènè a avèk siksè nan pwosesis liberasyon kondisyonèl la, ki finalman te elimine pwosesis politize ki te pèmèt gouvènè yo anile desizyon liberasyon kondisyonèl la pou abitan Maryland yo ki gen pèn prizon a vi. Men, te gen yon erè redakssyon ki te eskli liberasyon kondisyonèl pou rezon medikal la, sa ki fè li se sèl tip liberasyon kondisyonèl ki toujou bezwen apwobasyon gouvènè. Sa a grav, paske li pi enpòtan pou Komisyon Liberasyon Kondisyonèl Maryland lan kapab aji vit lè kandida ki gen dwa ak liberasyon kondisyonèl la malad grav oswa prèske mourir. An 2024, ACLU pral travay ak alye yo pou sipòte yon pwojè lwa sou koreksyon teknik.



## ADOpte YON LWA SOU DWA VÒT NAN MARYLAND

Malgré Maryland te fè pwogrè konsiderab pou amelyore aksè a vòt pandan tan yo, anpil vyolasyon dwa vòt ak estrikti diskriminatwa pèsiste. Zouti legal ak resous pou ankete ak pouswiv yo pa disponib oswa koute twò chè. Sa a eksplike an pati lefèt ke desizyon jiridik yo te pran nan 30 dènye ane yo afebli pwoteksyon Lwa federal sou Dwa Vòt yo. An 2024, ACLU a pral travay ak alye yo pou entwodui yon Lwa sou Dwa Vòt nan Maryland. MDVRA pral kre yon dwa sivil pou aji kont entimidasyon elektè yo ak pwoteksyon pou elektè ki pa pale angle yo. Li pral bay resous tou ak gouvènman lokal yo pandan l ap anvizaje chanjman nan estrikti ak règ elektoral yo. Epi li pral ankouraje yon apwòch senplifye epi ki pa chè pou trete plent diskriminasyon nan vòt yo.



## ADOpte LWA MARYLAND SOU DEZYÈM KONSIDERASYON

Maryland mete nan prizon pouvantaj moun nwa ki pi wo nan peyi a - apeprè 71 % popilasyon nou nan prizon - ki se plis pase de fwa sa li ye an mwayèn nan nivo nasyonal. Sa fè wont pou konstate Maryland se premye eta tou ki kondane jèn gason nwa pou pase plis tan nan prizon, ak yon pouvantaj ki 25 % pi wo pase eta ki pi prè a-Mississippi. Pou favorize jistis reparatris epi redui anprizònman an mas, ACLU Maryland ak Koalisyon Maryland sou Dezyèm Konsiderasyon an pral travay pou adopte Lwa Maryland sou Dezyèm Konsiderasyon. Pwojè lwa a ta dwe pèmèt moun ki kondane ak pèn ekstrèm ki te pase nan prizon omwen de deseni pou yo jwenn opòtinite pou mande tribunal la modifye oswa diminye pèn yo sou baz reyentegrayon yo.



## DEFANS KONT TANTATIV REVOKASYON LWA SOU PWOTEKSYON KONT ENTÈWOGASYON TIMOUN

An 2022, Asanble Jeneral Maryland lan te adopte Lwa sou Pwoteksyon kont Entèwogasyon Timoun (Child Interrogation Protection Act, CIPA). Lalwa mande anvan yon ofisyel lapolis pwosede ak entèwogasyon yon timoun, paran li oswa gadyen li ta dwe avèti epi yo dwe konsilte yon avoka. Sa a enpòtan paske etid yo montre klèman ke timoun yo renonse ak dwa Miranda yo anviwon 90 poustan fwa e fè fo konfesyon nn yon nivo ki pi wo pase adilt yo. Men, fòs lòd yo ak pwokirè ki opoze ak nouvo lwa a bay yon move imaj sou eta krim timoun nan Maryland epi yo mande pou anile CIPA ak lòt refòm enpòtan. Pandan sesyon lejislatif 2024 la, nou pral defann nou kont tout tantativ pou anile oswa afebli lwa a.